fi Boroom bi di gën a jegee jaam bi mooy ci mujjantalu guddi gi

Jële nañu ci Abii Umaamata mu wax ne: Amru Ibn Abasata yal na ko Yàlla dollee gërëm wax na ma ne dégg na Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «fi Boroom bi di gën a jegee jaam bi mooy ci mujjantalu guddi gi, boo manee di bokk ci ñiy tudd Yàlla ci waxtu woowo def ko».

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne: Boroom bu sell bi day gën a jege jaam bi ci ñatteelu xaaj bi mujj ci guddi gi; bu ñu la tawfeexalee may la kàttan -yaw jullit bi- ba nga man a bokk ci mbooloo miy jaamu Yàlla ñiy julli di tudd Yàlla di tuub ci waxtu wii loolu lees wara góor-góor lu la.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3236